

**Akò pou Pay It Off  
(Haitian Creole)**

**RETOUNEN AKÒ KI SIYEN AN BAY:**

OCSS – Pay It Off  
PO Box 830, Canal St. Station  
New York, NY 10013

Dat:  
Nimewo Idantifikasyon Dosye a:  
Paran ki p ap Viv avèk Timoun nan:

*Al gade nan nyc.gov/payitoff pou lòt fason pou fè ranbousman.* Antre nimewo telefòn/imèl ou:

Akò sa a se ant ou menm, \_\_\_\_\_, ak Biwo Sèvis Sipò Timoun Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration's Office of Child Support Services) nan Depatman Sèvis Sosyal Vil New York la (NYC Department of Social Services, NYC DSS). Akò sa a rekonèt entansyon ou pou patisipe ak volonte w nan pwogram *Peye Balans (Pay it Off)* NYC DSS la. Antanke patisipan, ou dakò pou w peye \$500 oswa plis pou aryere sipò pou pitit ou a, ki dwe NYC DSS an pèmanans, soti 3ye pou rive 14 Mas 2025. Aryere NYC DSS ou yo soti nan yon lòd sipò Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi Eta New York ak/oswa Tribinal Siprèm nan yo mete an plas nan Inite Rekouvremant Sipò Timoun nan.

NYC DSS aksepte pèman ki fèt pa mwayen lapòs, Aplikasyon Mobil NYC ACCESS HRA Child Support, telefòn, ki fèt an pèsòn, oswa sou entènèt. Pou tout pèman ki pa ranbousab nou resevwa de ou soti 3ye pou rive 14 Mas 2025 atravè yon chèk sètifye oswa pèsònèl, manda, kat kredi, kat debi Visa/MasterCard, Venmo, oswa PayPal pou aryere DSS NYC ou yo, ki gen yon montan total \$500 oswa plis, NYC DSS ap:

- Aplike montan pèman (minimòm 500 dola) sou kont sipò timoun ou an epi fè li koresponn ak dola pou dola (jiskaske ou rive nan montan ou dwe a) pou diminye montan ou dwe NYC DSS la;
- Si li aplikab, diminye dèt sipò timoun NYC DSS ba ou an yon fason pèmanan jiska de mil senk san dola (\$2,500) anplis, paske ou te enskri tou nan *Pwogram Kredi Aryere a.*; ak
- Si sa aplikab, elimine enterè jijman lajan ou dwe NYC DSS la paske ou te peye tout manman lajan an. N ap di w alekri konbyen enterè nou te retire.

Mwen dakò NYC DSS kapab aplike nenpòt peman anplis pou peye dèt DSS la sou lòt kont sipò timoun mwen ka genyen.

Dokiman sa a gen ladan tout Akò a ant moun ki konsène yo epi nou ka pa ni modifye l, ni amande l oswa ni anile li, sof alekri epi avèk siyati moun ki konsène yo oswa sou non yo.

Peman nou kolekte atravè yon konfiskasyon (li gen ladan l konfiskasyon chèk travay ak asirans pou chomaj), sezi, taks ki entèsept, oswa lòt zouti aplikasyon ki p ap koresponn atravè *Pay It Off*. Peman ki fèt selon akò sa a pa pral retire okenn manda eksepsyonèl poukont yo. Se sèlman yon tribinal ki ka retire yon manda.

Depi ou siyen Akò sa a, ou konprann akò ou dakò yo epi NYC DSS te verifye idantite ou.

Akò yo dwe genyen yon kopi pyès idantite ak foto valab ki akonpanye yo ke gouvènman bay.

Paran ki p ap Viv avèk timoun nan

Reprezantan Otorize NYC DSS

**Èske ou gen yon pwoblèm medikal oswa sante mantal oswa yon andikap?** Èske pwoblèm sa a fè li difisil pou ou konprann avi sa a oswa pou fè sa avi sa a mande a? Èske pwoblèm sa a fè li difisil pou ou pou jwenn lòt sèvis nan HRA? **Nou kapab ede ou.** Rele nou nan 718-557-1399. Ou kapab mande èd tou lè w ale nan yon biwo HRA. Ou gen dwa pou mande kalite èd sa a dapre lalwa.